

Fèy Enfòmasyon AFT sou Resansman

Ede garanti yon resansman ki egzat se youn nan bagay ki pi enpòtan manm AFT yo ka fè pou ede kominote yo.

Poukisa resansman an enpòtan?

Reprezantasyon: Chak 10 zan, yo konte chak rezidan. Kontaj sa a detèmine reprezantasyon nan Kongrè a ak repatisyon distri yo pou pòs federal, Eta ak pòs lokal yo pou pwochen 10 ane yo.

Finansman: Kontaj resansman an detèmine alokasyon \$700 milya finansman federal bay Eta yo ak lokalite yo, ki gen ladan lajan Tit I, Pwogram Nasyonal Manje nan Lekòl ak sibvansyon edikasyon espesyal, pou 10 pwochen ane yo.

Enfòmasyon: Yo itilize done ki soti nan resansman an pou planifye ak distribye resous (pa egzanj, vil yo sèvi ak kontaj tibebe yo pou planifye kikote pou yo mete lekòl, pak, bibliyotèk, elatriye).

Kimoun yo konte?

Tout moun k ap viv Ozetazini — sitwayen, rezidan legal ki pa sitwayen, ak imigran san papyè — dwe konte nan resansman an.

Kilè resansman an ap fèt?

An Mas 2020, tout kay ap resevwa machaswiv pou ranpli resansman an sou entènèt.

Ann Avril 2020, tout kay ki pa te ranpli resansman an sou entènèt ap resevwa pa lapòs yon fòm resansman sou papyè ak machaswiv pou yo remèt li pa lapòs.

An Me 2020, kay ki pa gen yon fòm ransansman ki ranpli ap resevwa yon vizit lakay yo.

Èske gen yon kesyon sou sitwayènte nan resansman an? Èske moun ki pa sitwayen dwe ranpli li?

PA gen yon kesyon sou sitwayènte nan resansman an.

Sa reprezante yon krim federal si yo sèvi ak nenpòt enfòmasyon yo jwenn nan yon fòm resansman pou nenpòt lòt bagay apa yon kontaj egzat. Moun ki ap pran resansman yo pa kapab mande lajan, nimewo Sosyal Sekirite ni okenn kalite enfòmasyon finansye.

Lalwa egzije pou chak kay ranpli yon fòm resansman, epi moun ki pa sitwayen yo ladan tou.

Kijan mwen ka ede yo konte kominote pa mwen?

Pataje enpòtans ki genyen nan resansman an pou finansman ak reprezantasyon nan gouvènman.

Mete resansman an nan pwogram ou, ansanm ak fason pou sèvi ak materyèl AFT [Pataje Leson Mwen \(Share My Lesson\)](#) ak materyèl Biwo Resansman an [Estatistik nan Lekòl yo \(Statistics in Schools\)](#).

Eksplike ke li san danje epi tout kay oblije ranpli fòm resansman an.

Konekte ak yon komite lokal [Complete Count \(Kontaj Konplè\)](#); komite sa yo se patenarya ki ap travay pou garanti kontaj resansman yo egzat.

Afiche postè resansman an nan espas travay ou, mete enfòmasyon sou resansman an nan bilten enfòmasyon lekòl oswa salklas, epi mete depliyon aladispozisyon fanmi yo nan lòbi yo ak nan salklas yo.

Ofri konpitè lekòl yo pou fanmi yo ak manm kominote yo ka itilize pou ranpli resansman an.